

- Pi gwo priyorite mwen kòm Majistra ou se pwoteje lavi ak mwayen sibzistans moun Miami-Dade.
- Sis mwa pase, lè mwen te antre an fonksyon, nou te toujou nan mitan yon kriz pwofon e li te difisil pou konnen kisa lavni te kache dèyè do l.
- Pandemi an te pote gwo difikilte nan kominote nou an. Plis pase 6,000 fanmi pèdi moun yo renmen, epi twòp granparan tankou mwen pa t kapab anbrase ti pitit pitit yo pou plis pase yon ane. Plizyè milye moun te ap lite ak lavi epi ti biznis te ap konbat pou rete ouvè.
- Men, atravè tout bagay - ou te rete dyanm. Ou te ede fè apèl a sa ki pi bon nan Miami-Dade epi ansanm nou prèske krabinen kriz sila a ou kapab wè yon sèl fwa nan yon syèk. Mwen fyè anpil pou mwen sèvi kòm Majistra ou pandan defi san parèy sa a, epi pou mwen travay ansanm avèk ou chak jou pou vire paj pandemi an, pou nou kapab retounen pi fò.
- Jodi a, mwen fyè pou mwen rapòte ke chif nou yo amelyore anpil e ke fen konba a ap pwoche. Mwayèn pozitivite 14 jou nou pi ba pase 5%, epi pou premye fwa depi pandemi an kòmanse, mwayèn chak jou nou rete nan alantou 4%.
- Sa ki pi bon an, mwen kontan pou mwen di ke Konte Miami-Dade totalman vaksinen plis pase yon milyon rezidan nan moman nou ap pale la a, e prèske 1.4 milyon moun déjà resevwa omwen yon dòz.
- Se plis pase 82% granmoun aje ki deja resevwa omwen yon dòz vaksen, plis pase 50% rezidan nou yo ki gen plis pase 16 lane deja resevwa yon dòz tou. Nou kontinye devan tout kote nan eta Florid nan pousantaj rezidan ki deja resevwa omwen yon dòz vaksen.
- Nou pap kanpe la. Apati jodi a, timoun ki gen 12 lane oswa plis kounye a elijib pou resevwa vaksen Pfizer. Nou ap travay ansanm ak Lekòl piblik Miami-Dade pou pote sit vaksinasyon tanporè nan lekòl ki nan kominote ou pou pwofesè, elèv, paran, ak anplwaye yo ka gen aksè fasil a vaksen.
- Nou louvri tou nouvo sit vaksinasyon nan sant komèsyal, ti biznis, Pò Miami, Ayewopò Entènasyonal Miami, elatriye. Semèn sa a, nou louvri sit vaksinasyon nan Dolphin ak Aventura Mall. Objektif nou se kraze tout baryè ki anpeche kominote nou an gen aksè a vaksen.
- Pi gwo nouvèl la rive jodi a - CDC anonse ke moun ki pran vaksen pa gen pkenn danje pou yo retire mask yo andedan ak deyò.
- Sa se vrèman jou nou te ap tann lan, e mwen santi mwen gen plis konfyans ke nou ap rive nan limyè ki nan fen yon tinèl tou nwa.
- Vaksen se vrèman kle pou retounen nan lavi nòmal, tout bagay nou renmen yo, ak tout sa nou te rate ane pase.
- Nan efò pou nou kontinye batay pou retounen nan lavi nòmal nou - an konsiltasyon avèk Chèf Ofisyè Medikal nou an, Doktè Peter Paige, mwen pa egzije ankò, men mwen rekòmande moun pou yo mete mask, pratike distans sosyal nan etablisman Konte Miami-Dade yo. Apeprè 50% moun ki gen 16 lane oswa plis ki nan kominote nou an deja pran vaksen. Moun ki poko pran yo, nou ankouraje w pratike bon sans epi kontinye mete mask ak pran lòt prekosyon si ou poko vaksinen.
- Pou tout lidè biznis prive yo, ou ta dwe kontinye pran pwòp desizyon pa w sou fason pou w kenbe travayè ak kliyan yo an sekirite, mwen ankouraje w kontakte ekip nou nan covidsafetyguidelines@miamidade.gov si ou gen nenpòt kesyon oswa enkyetid.

- Mwen ankouraje tou nenpòt moun ki nan yon anviwònman a risk oswa ki medikalman vilnerab pou yo kontinye suiv tout direktiv sekirite COVID yo.
- Mwen pèsònèlman pral suiv lasyans nan zafè mete mask - e lèse m di w, mwen kontan anpil retounen nan jwi bèl souri zanmi, kòlèg travay, ak manm kominote a!
- Se va chwa pèsònèl mwen pou mwen mete mask lè mwen santi sa nesèsè, nan respè pou moun ki bò kote m ki poko konplètman vaksinen oswa ki medikalman vilnerab.
- Sa se yon gwan avans nan batay nou pou nou retounen nan lavi nòmal - jodi a se jou anpil moun te ap tann lan.
- Mwen vle fè sa klè, mwen pral kontinye siveye done yo ansanm ak Dr Paige jan mwen te kòn fè depi mwen te antre an fonksyon. Si nou wè yon ogmantasyon grav pozitivite a nenpòt ki moman, mwen pral pran tout desizyon ki nesèsè pou pwoteje kominote nou an, tankou re-evalye règleman sa yo.
- Kidonk, pa rete tann yon segonn ankò - ale nan miamidade.gov/vaccine/, / vacuna oswa / vaksen, jwenn sit vaksinasyon ki pi pre ou la, epi fè yon plan pou w pran vaksen. Lè ou fè sa, sa vle di ou ka finalman retire mask sa a epi retounen nan lavi nòmal.
- Miami-Dade, nou prèske rive, nou ka wè limyè nan fen tinèl la. Li ap klere plis pase tout tan anvan. Se gras ak èd ou, tout sakrifis ou ki fè pi bon jou nou yo prèske rive.
- Ann travèse liy arive a ansanm.